

ADMINISTRASYON SEKIRITE SOSYAL

Aplikasyon pou yon Kat Sekirite Sosyal

Aplike pou yon Kat Sekirite Sosyal gratis!

SÈVI AK APLIKASYON SA A POU:

- Aplike pou yon Kat Sekirite Sosyal orijinal
- Aplike pou ranplasman yon kat Sekirite Sosyal
- Chanje oswa korije enfòmasyon sou dosye nimewo Sekirite Sosyal w

ENPÒTAN: Ou DWE bay yon aplikasyon ki ranpli byen ansanm ak prèv nou bezwen yo avan nou kapab travay sou aplikasyon an. Se sèlman dokiman orijinal n ap aksepte oswa dokiman yo ki sètifye pa moun ki bay dosye orijinal la. Kopi notarye yo oswa fotokopi yo ki pat sètifye pa moun ki te bay dosye a pap aksepte. N ap remèt ou nenpòt dokiman ou voye ak aplikasyon w an. Pou asistans rele nou nan 1-800-772-1213 oswa vizite adrès entènèt nou nan www.socialsecurity.gov.

Kat Orijinal Sekirite Sosyal

Pou aplike pou yon kat orijinal, w ap bezwen bay omwen de dokiman pou prouve laj w, idantite w, ak sitwayennte ameriken ou, oswa ou genyen stati legal, ki gen pèmasyon imigrasyon pou travay. Si w pa yon sitwayen ameriken oubyen ou pa gen otorizasyon DHS pou travay, ou dwe pwouve ou gen yon rezon ki valab menm si se pa pou travay, ki fè ou bezwen yon kat. Al gade nan paj 2 pou yon eksplikasyon dokiman nou aksepte yo.

AVI: Si ou gen laj douzan (12) oswa plis epi ou pat janm genyen yon nimewo Sekirite Sosyal anvan, ou dwe aplike an pèsòn.

Ranplasman Kat Sekirite Sosyal

Pou aplike pou ranplase yon kat, ou dwe bay yon dokiman ki pwouve idantite ou. Si w te fèt andeyò Ozetazini, w ap bezwen ban nou prèv ke ou se yon sitwayen Ameriken oswa prèv ke ou genyen yon stati legal, ki gen pèmasyon pou travay. Al gade nan paj 2 pou yon eksplikasyon dokiman nou aksepte yo.

Chanje Enfòmasyon Sou Dosye Nimewo Sekirite Sosyal w

Pou chanje enfòmasyon sou dosye nimewo kat Sekirite Sosyal w (tankou si non ou chanje oubyen si w chanje sitwayennete w, oswa korije dat nesans ou), w ap bezwen prèv idantite w epitou ou dwe montre nou dokiman ki montre chanjman an epi ki montre pou ki rezon chanjman an ap fèt. Pa egzanp, ou kapab bay yon ak de nesans pou montre dat nesans kòrèk w a. Yon dokiman ki montre chanjman nan non dwe resan epi idantifye ou ak ansyen non an ansanm ak nouvo non an. Si w te chanje non depi plis pase dezan oubyen si dokiman ki montre chanjman non an pa genyen ase enfòmasyon pou pwouve idantite w, ou dwe bay dokiman ki pwouve idantite w ak non ou te genyen avan an ak/oubyen nan kèk ka nouvo non legal w a. Si w pa t fèt Ozetazini, w ap bezwen ban nou prèv ke w se yon sitwayen Ameriken oswa prèv ke ou genyen yon stati legal, ki gen pèmasyon pou travay. Al gade nan paj 2 pou yon eksplikasyon dokiman nou aksepte yo.

LIMIT NAN KANTITE RANPLASMAN KAT SEKIRITE SOSYAL

Lalwa Piblik 108 458 limite kantite ranplasman kat Sekirite Sosyal ke w kapab resevwa sèlman 3 kat pandan yon lane epi sèlman 10 kat pandan tout lavi w. Kat yo bay pou reflekte chanjman nan non legal w oswa chanjman nan yon lejann otorizasyon travay pa konte nan limit sa yo. Epitou, nou kapab fè kèk eksepsyon pou limit sa yo si w kapab ban nou prèv ki soti nan yon sous ofisyèl ki montre w bezwen yon kat Sekirite Sosyal.

SI OU GENYEN NENPÒT KESYON

Si w gen nenpòt kesyon konsènan fòm sa, oubyen konsènan prèv dokiman ke nou bezwen, tanpri vizite adrès entènèt nou nan www.socialsecurity.gov pou plis enfòmasyon ak kote biwo nou yo avèk Sant Kat Sekirite Sosyal nou yo ye. Epitou ou kapab rele Sekirite Sosyal nan 1-800-772-1213. Ou kapab jwenn biwo oswa Sant Kat ki pi pre ou nan liv telefòn lokal ou.

DOKIMAN NOU BEZWEN WÈ

Lis dokiman ki pi ba se egzanp dokiman ou sipoze bay ak aplikasyon an men li pa yon lis ki fini konplè nèt. Rele nou nan 1-800-772-1213 si w pap kapab founi dokiman sa yo.

ENPÒTAN: Si w konplete aplikasyon sa onon de yon lòt moun, ou dwe bay prèv ki montre ou gen otorite pou siyen aplikasyon an pou moun ki pral resevwa kat la epi nou dwe wè prèv idantite pou ou menm ansanm ak pou moun w ap ranpli aplikasyon an. Se sèlman dokiman orijinal n ap aksepte oswa kopi ki sètifye pa moun ki founi dosye orijinal la. Kopi notarye yo oswa fotokopi yo ki pat sètifye pa moun ki te bay dosye a pap aksepte.

Prèv Laj

Anjeneral, ou dwe bay akdenesans ou. Nan kèk sitiyasyon nou ka aksepte lòt dokiman ki montre laj ou. Men kèk lòt dokiman nou ka aksepte :

- Dosye nesans lopital ameriken (yo fè lè ou te fèt la)
- Dosye relijyon ki te etabli anvan ou te gen laj 5 lane epi ki montre dat nesans w
- Paspò
- Dosye final adopsyon (dosye adopsyon an dwe endike yo te pran enfòmasyon sou nesans lan nan akdenesans orijinal la)

Prèv Idantite

Nou dwe wè prèv idantite ki fèt sou non legal ou epi ki pa ekspire. Non legal ou ap parèt sou kat Sekirite Sosyal w. Jeneralman, nou pito wè dokiman ki fèt Ozetazini. Dokiman ou montre nou pou montre idantite ou dwe montre non legal ou epi tou li dwe montre enfòmasyon biyografik ou (dat nesans ou, laj ou, oubyen non paran ou yo) **epi/oswa** enfòmasyon pèsònèl ou (foto ou, oubyen deskripsyon fizik w wotè, koulè zye, avèk koulè cheve ou, elatriye.). Si w voye yon dokiman idantite ki gen foto men ou pa vini nan biwo a pèsònèlman, dokiman an dwe montre enfòmasyon biyografik ou (tankou dat nesans ou, laj ou epi non paran ou yo). Jeneralman, dokiman ki pa genyen dat ekspirasyon yo te dwe fèt pandan de denye ane ki sot pase yo pou adil epi pandan kat denye ane ki sot pase yo pou timoun yo.

Pou prèv idantite ou, ou dwe bay yon:

- Lisans ameriken ou; oswa
- Kat idantite ameriken ou ki pa yon lisans pou kondui; oswa
- Paspò ameriken

Si w pa genyen okenn nan dokiman sa yo oubyen ou pa ka jwenn yon ranplasman pou yo nan lesplas 10 jou, nou ka anmezi pou nou aksepte lòt dokiman pou montre non legal w avèk enfòmasyon biyografi w, tankou yon kat idantite lame ameriken, yon Sètifika Natiralizasyon, oubyen yon kat idantite travay ou, kopi sètifye dosye medikal (kat klinik, kat doktè oubyen kat lopital), kat asirans sante, kat Medicaid, oswa kat idantite/dosye lekòl la. Pou jèn timoun yo, nou ka aksepte dosye medikal yo (klinik, doktè oubyen lopital), maintni pa founisè sèvis medikal la. Nou ka aksepte tou yon papyè final adopsyon, yon kat idantite lekòl oubyen yon dosye lekòl ki sou kont lekòl la.

Si ou pa yon sitwayen ameriken, nou dwe wè yon dokiman imigrasyon ki pa ekspire ansanm avèk paspò etranje ou ki montre enfòmasyon biyografik ou oubyen foto ou.

NOU PA KA AKSEPTE YON AKDENESANS, YON SOUVNI LOPITAL LA, KAT SEKIRITE SOSYAL OSWA SOUCH KAT LA OSWA DOSYE SEKIRITE SOSYAL ou kòm prèv idantite.

Prèv Sitwayennte Ameriken

Anjeneral, ou dwe bay akdenesans ameriken ou oubyen Paspò ameriken ou. Lòt dokiman nou ka aksepte se rapò Nesans Konsila Ameriken, yon Sètifika Sitwayennte, oswa yon Sètifika Natiralizasyon.

Prèv Estati Imigrasyon

Nou bezwen wè yon dokiman ki pa ekspire ke Depatman Sekirite Nasyonal (Department of Homeland Security, DHS) ba ou, ki montre estati imigrasyon ou, tankou Fòm I 551, I 94, oswa I 766. Si ou se yon etidyan entènasyonal oswa vizitè echanj, ou ka bezwen bay plis dokiman, tankou Fòm I 20, DS 2019, oswa yon lèt otorizasyon travay nan men lekòl ak travay (F 1) oswa esponsò (J 1) ou a. Nou PA KAPAB aksepte yon resi ki montre ke ou aplike pou dokiman an. Si w pa gen pèmasyon pou travay Ozetazini, nou ka ba ou yon kat Sekirite Sosyal sèlman si ou bezwen nimewo pou yon rezon valab ki pa travay. Lè sa a kat ou a ap make sou li ke ou pa ka travay. Si ou travay, nou pral fè DHS konnen sa. Gade nan paj 3, seksyon 5 pou plis enfòmasyon.

KIJAN POU RANPLI APLIKASYON SA A

Ranpli epi siyen aplikasyon sa itilize SÈLMAN lank nwa oswa ble epi ekri KLÈ sou fòm ki vini ak papye sa a oswa fòm w te emprime sou adrès entènèt nou avèk papye 8 ½" x 11" (oswa A4 8.25" x 11.7").

JENERAL: Pifò nan bagay ki sou fòm sa a pa bezwen eksplikasyon. Pi ba a nou make sa ki bezwen eksplikasyon yo. Nimewo yo matche avèk atik yo ki nimewote sou fòm nan. Si w ap ranpli fòm sa a pou yon lòt moun, tanpri ranpli kesyonè a jan li aplike a moun sa.

4. Montre mwa, jou, ak tout (4 chif) ane ou fèt la, pa egzanp, "1998" pou ane ou fèt la.

5. Si ou make "Legal Alien Not Allowed to Work" oswa "Other," ou dwe bay prèv yon dokiman ki soti nan yon ajans ameriken Federal, Eta, oswa gouvènman lokal ki eksplike poukisa ou bezwen yon nimewo Sekirite Sosyal epi ki di w satisfè tout egzijans pou benefis gouvènman an. AVI: Pifò ajans pa bezwen ou genyen yon nimewo Sekirite Sosyal. Kontakte nou pou wè si rezon ou a kalifye pou yon nimewo Sekirite Sosyal.

6., 7. Se sèlman si yon moun vle l ap bezwen bay enfòmasyon sou ras/koulè li epi se sèlman pou genyen enfòmasyon an ak estatistik yo nou mande li. Desizyon ou pou reponn oswa pa reponn pa pral afekte desizyon nou pran sou aplikasyon ou an. Si w ta bay enfòmasyon sa a, n ap trete li ak anpil atansyon.

9.B., 10.B. Si ou ap aplike pou yon kat orijinal Sekirite Sosyal pou yon timoun ki gen mwens ke 18 an, ou ap OBLIJE make nimewo Sekirite Sosyal paran yo sòfsi paran yo pata janm genyen yon nimewo Sekirite Sosyal. Si ou pa kon nimewo a epi ou paka jwenn li, cheke bwat "pa konnen" an.

13. Si dat nesans ou montre nan nimewo 4 la se pa menm ak dat nesans ki nan dosye Sekirite Sosyal ou, make dat nesans ki nan dosye ou kounye a nan nimewo 13 epi bay prèv laj ou pou sipòte dat nesans ou montre nan nimewo 4 la.

16. Bay adrès kote ou ka resevwa kat w a nan 7 a 14 jou de kounye a.

17. KIMOUN KI KA SIYEN APLIKASYON AN? Si w genyen laj 18 lane oswa plis epi ou genyen yon enkapasite fizik oswa mantal pou li ak ranpli aplikasyon an, ou dwe siyen nimewo 17. Si ou gen mwens pase laj 18 lane, ou menm oswa yon paran ou oswa gadyen legal ou kapab siyen li. Si ou genyen plis pase laj 18 lane epi ou pa ka siyen ou menm, yon gadyen legal, paran oswa yon manm nan fanmi ou kapab siyen li. Si w pa ka siyen non ou, ou dwe fè yon kwa "X", epi tou gen de (2) lòt moun siyen kòm temwen nan espas kote ou fè kwa a. Tanpri pa chanje siyati ou epi pa ajoute lòt enfòmasyon sou liy kote pou ou siyen a paske sa kapab rann siyati ou pa akseptab. Rele nou si w genyen kesyon sou kimoun ki kapab siyen aplikasyon w an.

KIJAN POU M SOUMÈT APLIKASYON SA

Nan pifò ka, ou kapab pote oswa poste aplikasyon sa a siyen ak dokiman ou yo nan nenpòt biwo sekirite Sosyal. N ap retounen nenpòt dokiman ou voye pa lapòs ba ou. Ale sou <https://secure.ssa.gov/apps6z/FOLO/fo001.jsp> pou jwenn biwo Sekirite Sosyal oswa Sant Kat Sekirite Sosyal ki sèvi zòn w an.

PWOTEJE NIMEWO SEKIRITE SOSYAL W AK KAT OU

Pwoteje kat Sekirite Sosyal ou epi pwoteje nimewo w tou pou yo pa pèdi epi pou moun pa volè idantite w. PA MACHE avèk kat la sou ou. Kenbe li nan yon kote ki an sekirite epi mache avèk li sèlman lè w ap chèche yon nouvo djòb, pou ouvri yon nouvo kont labank, oubyen pou w jwenn benefis nan kèk ajans ameriken. Fè atansyon lè w ap bay moun nimewo Sekirite Sosyal w sitou nan telefòn, lapòs, imèl, ak Entènèt lè se pa ou ki tal kote moun nan anvan.

DEKLARASYON SOU VI PRIVE

Jan Pou Kolekte ak Itilize Enfòmasyon Pèsonèl

Seksyon 205(c) ak 702 nan lwa Sekirite Sosyal a jan li te amande a, otorize nou pou nou kapab kolekte enfòmasyon sa. Enfòmasyon ou founi an ap itilize pou nou ba w yon nimewo avèk yon kat Sekirite Sosyal .

Ou pa oblije ba nou enfòmasyon sa yo. Men, san yo nou pap kapab ba ou yon nimewo Sekirite Sosyal oswa yon kat.

Se raman nou itilize enfòmasyon ou bay yo pou lòt rezon ki pa gen pou wè ak bay yon nimewo ak kat Sekirite Sosyal. Toutfwa, nou kapab itilize li pou administrasyon ak entegrite pwogram Sekirite Sosyal. Epitou nou kapab pataje enfòmasyon ak lòt moun oswa lòt ajans pou itilize nan woutin ki otorize, ki genyen, men se pa sèlman, bagay sa yo:

1. Pou ede yon lòt konpayi oswa yon ajans ede Sekirite Sosyal etabli dwa pou benefis ak/oswa kouvèti Sekirite Sosyal;
2. Pou respekte Lwa Federal ki egzije yo pataje enfòmasyon nan dosye Sekirite Sosyal (pa egzanp, Biwo Responsablite Gouvènman ak Depatman Zafè Veteran);
3. Pou detèmine si yon moun kalifye pou pwogram sante sanblab avèk pwogram antretyen revni nan nivo Federal, Eta, ak lokal; epi
4. Pou rann li pi fasil pou fè rechèch estatistik, odit ak investigasyon aktivite yo ki nesesè pou asire entegrite pwogram Sekirite Sosyal yo.

Nou ka sèvi ak enfòmasyon ou ba nou lè nou ap mete dosye ansanm nan òdinatè. Pwogram pou konpare dosye nou yo avèk dosye ke lòt ajans gouvènman federal, gouvènman leta oswa gouvènman lokal kenbe. Nou ka itilize enfòmasyon pwogram sa yo pou tabli oswa verifye si yon moun kalifye pou pwogram leta finansè oswa jere yo ak pou re peye dèt ki an reta sou pwogram sa yo.

Lis konplè sou fason nou itilize enfòmasyon yo disponib nan Avi Dosye Sistèm 60 0058 (Gwo Lis Moun ki Genyen Nimewo Sekirite Sosyal (SSN) ak aplikasyon pou SSN). Avi a, enfòmasyon adisyonèl konsènan fòm sa, ak enfòmasyon sou sistèm ak pwogram nou yo disponib sou entènèt nan www.socialsecurity.gov oswa nan nenpòt biwo lokal Sekirite Sosyal.

Rasanbleman enfòmasyon sa a ranpli kondisyon nan 44 U.S.C. §3507 jan li amande a pa seksyon 2 nan Lwa ane 1995 sou Rediksyon Papyè (Paperwork Reduction Act of 1995). Ou pa bezwen reponn kesyon sa yo sòf si nou bay yon nimewo valid Biwo Jesyon ak Bidjè. Nou panse l ap pran apeprè 8.5 a 9.5 minit pou li eksplikasyon yo, rasanble enfòmasyon yo, epi reponn kesyon yo. Ou kapab voye kòmantè sou estimasyon tan ki pi wo a nan: SSA, 6401 Security Blvd., Baltimore, MD 21235-6401. **Voye sèlman kòmantè ki gen pou wè ak estimasyon tan nou nan adrès sa, men pa voye fòm ou ranpli a.**

SOCIAL SECURITY ADMINISTRATION

Application for a Social Security Card

Form Approved
OMB No. 0960-0066

1	NAME TO BE SHOWN ON CARD	First	Full Middle Name	Last
	FULL NAME AT BIRTH IF OTHER THAN ABOVE	First	Full Middle Name	Last
	OTHER NAMES USED			
2	Social Security number previously assigned to the person listed in item 1		<input type="text"/> - <input type="text"/> - <input type="text"/>	
3	PLACE OF BIRTH (Do Not Abbreviate) City	State or Foreign Country		4
		Office Use Only	DATE OF BIRTH	
		FCI	MM/DD/YYYY	
5	CITIZENSHIP (Check One)	<input type="checkbox"/> U.S. Citizen <input type="checkbox"/> Legal Alien Allowed To Work <input type="checkbox"/> Legal Alien Not Allowed To Work(See Instructions On Page 3) <input type="checkbox"/> Other (See Instructions On Page 3)		
6	ETHNICITY Are You Hispanic or Latino? (Your Response is Voluntary) <input type="checkbox"/> Yes <input type="checkbox"/> No	7	RACE Select One or More (Your Response is Voluntary) <input type="checkbox"/> Native Hawaiian <input type="checkbox"/> American Indian <input type="checkbox"/> Other Pacific Islander <input type="checkbox"/> Alaska Native <input type="checkbox"/> Black/African American <input type="checkbox"/> White <input type="checkbox"/> Asian	
8	SEX	<input type="checkbox"/> Male <input type="checkbox"/> Female		
9	A. PARENT/ MOTHER'S NAME AT HER BIRTH	First	Full Middle Name	Last
	B. PARENT/ MOTHER'S SOCIAL SECURITY NUMBER (See instructions for 9 B on Page 3)		<input type="text"/> - <input type="text"/> - <input type="text"/>	
		<input type="checkbox"/> Unknown		
10	A. PARENT/ FATHER'S NAME	First	Full Middle Name	Last
	B. PARENT/ FATHER'S SOCIAL SECURITY NUMBER (See instructions for 10B on Page 3)		<input type="text"/> - <input type="text"/> - <input type="text"/>	
		<input type="checkbox"/> Unknown		
11	Has the person listed in item 1 or anyone acting on his/her behalf ever filed for or received a Social Security number card before?			
<input type="checkbox"/> Yes (If "yes" answer questions 12-13) <input type="checkbox"/> No <input type="checkbox"/> Don't Know (If "don't know," skip to question 14.)				
12	Name shown on the most recent Social Security card issued for the person listed in item 1	First	Full Middle Name	Last
13	Enter any different date of birth if used on an earlier application for a card	MM/DD/YYYY		
14	TODAY'S DATE MM/DD/YYYY	15	DAYTIME PHONE NUMBER Area Code Number	
16	MAILING ADDRESS (Do Not Abbreviate)	Street Address, Apt. No., PO Box, Rural Route No.		
		City	State/Foreign Country	ZIP Code
17	YOUR SIGNATURE	18	YOUR RELATIONSHIP TO THE PERSON IN ITEM 1 IS: <input type="checkbox"/> Self <input type="checkbox"/> Natural Or Adoptive Parent <input type="checkbox"/> Legal Guardian <input type="checkbox"/> Other Specify _____	

DO NOT WRITE BELOW THIS LINE (FOR SSA USE ONLY)									
NPN			DOC		NTI		CAN		ITV
PBC	EVI	EVA		EVC		PRA		NWR	DNR
UNIT									
EVIDENCE SUBMITTED							SIGNATURE AND TITLE OF EMPLOYEE(S) REVIEWING EVIDENCE AND/OR CONDUCTING INTERVIEW		
							DATE		
							DCL		
						DATE			